

Nou remèsye òganizasyon sila ki se patnè nou nan sèvis sante

211 Broward
 AmeriCares
 Atlantic Institute of Oriental Medicine – Acupuncture
 Bank of America
 BJ's Foundation
 Blue Foundation
 Broward College
 Broward County Medical Association
 City of Coral Springs
 City of Oakland Park
 City of Pompano Beach
 Community Foundation of Broward
 CVS Health
 Erwin & Elaine Vasquez Family Foundation
 Florida Assoc. of Free & Charitable Clinics
 Florida Atlantic University
 Florida Department of Health in Broward County
 Florida KidCare
 Health Foundation of South Florida
 Holy Cross Hospital
 Iberia Bank
 James Jr. Fund
 Lily Pharmaceutical
 Martha Moore Foundation
 Mental Health Association of Broward County
 Nova Southeastern University
 Novo Nordisk
 Plantation Open MRI
 Publix Supermarkets Charities
 Salah Foundation
 United Way of Broward County
 University of Miami
 Walgreens
 The William R. Watts Foundation, Inc.



Rele oswa vizite nou nan biwo medikal:

Madi	9:00am - 5:00pm
Mekredi	9:00am - 5:00pm
Jedi	9:00am - 5:00pm
Vandredi	9:00am - 3:00pm
Sábado	8:00am - 2:00pm


Enskripsyon ak kalifikasyon obligatwa pou randevou.

Light of the World Clinic
 5333 N. Dixie Highway · Suite 201
 Oakland Park, FL 33334
 Phone: 954.563.9876
 Fax: 954.563.3670

info@LightoftheWorldClinic.org
 www.ClinicaLuzdelMundo.com

facebook.com/LightoftheWorldClinic

Nou pale Kreyòl.



*Klinik Limyè Mondyal la se pa yon klinik mache antre. Aplikan yo dwe kalifye pou konsil medikal gratis ak sèvis nan yon pwosesis aplikasyon ki baze sèlman sou mank de asirans, kondisyon rezidansyèl ak bezwen finansye. Pa gen okenn diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, kondisyon marital, afilyasyon politik, estati famiyal, andikap, oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl oswa ekspresyon.

Èske ou se yon rezidan Broward ki pa en asirans sante oswa ou pa ka peye swen medikal?



Petèt nou ka ede!



Ki, sèvis medikal nou ofri?

Kijan nou te kòmanse

An 1989 Dr. Erwin M. Vasquez ak lòt lidè nan kominote a te rekonèt ke anpil nan rezidan Broward yo pat resevwa kalite swen medikal yo te bezwen ... e merite... paske yo pat gen mwayen pou peye pou tretman yo, epi yo pat gen asirans medikal nesèsè pou kouvri bezwen medikal yo.

Ak konsepsyon sa a, yo pran kòm misyon pou yo etabli yon klinik kote pa gen moun ki tap rete san swen poutèt yo pa ka peye pou bon tretman medikal. Apre sa, Klinik Limyè nan Mond lan te fonde!

Avèk èd sentèn doktè espesyalis ak pwofesyonèl medikal ki mete men ansanm depi ouvèti a, klinik la ede plis ke 250,000 moun ki pa t kapab peye pasyan tankou ou!

Kijan depans yo finanse?

Paske nou se yon òganizasyon prive 501c3, nou konte sou koleksyon fon ak jenerozite donatè prive, fondasyon, kòporasyon, vil lokal yo, ak moun ki kwè nan travay nou ap fè pou rezidan. Nou sèvi moun ki pi frajil e ki bezwen sèvis nou ofri, men ki pa kapab peye pou bon jan kalite swen sante.



Pouki mwen ta dwe vini nan Klinik la olye pou mwen jis ale nan yon Sal Ijans lokal?

Si ou gen yon vre ijans medikal, ou ta dwe rele 911 oswa ale nan yon lopital lokal. Pou ka ki pa ijans ou bezwen kontinite swen, pwofesyonèl medikal nou yo ka ba ou tretman ak swen swivi.

Poukisa yon doktè nan Sal Ijans lokal la pa bay sèvis sa yo, menm sis se pa yon ijans?

Gen sikonstans lè ou gen yon vrè ijans medikal ki fè ke fò ou rele 911 oswa ale nan yon lopital lokal. Men nan ka kote se pa yon ijans, ou merite kontinite de swen, tretman ak swen swivi ke pwofesyonèl medikal nou yo ka bay.

Ki sa mwen bezwen fè pou vin yon pasyan nan Klinik Limyè nan Mond lan?

Pou ou ka vini nan klinik la kòm pasyan, telechaje aplikasyon nou sou sit entènèt www.LightoftheWorldClinic.org oubyen pase nan biwo nou pou pran yon fòm pou ranpli. Yon fwa aplikasyon a ranpli konplètman, ou ka soumèt li pou nou ka apwouve li. Apre sa, Koòdonatè Kalifikasyon nou an ap pran yon randevou pou ou ak youn nan pwofesyonèl medikal nan klinik la.

Akiponkti
Egzamen ak Vaksen pou antre lekòl
Dansite Zo
Kardyoloji
Pwofesyonèl Sètifye nan Edikasyon Dyabèt
Edikasyon Kolestewòl ak Tretman
COPD/ Kontwòl Opresyon
Dèrmatoloji
Operasyon Dèrmatolojik
Byennèt fanmi
Medsin Jeneral ak Entèn
Jinekoloji
Tès zorèy pou asire ou tande
Edikasyon sou Tansyon
Tretman Maladi Enfeksyon
Sèvis Laboratwa (ki pi ba pri akseptab)
Mamografi
Nefroloji
Nitrisyon ak Manje
Oftalmoloji / Tès Vizyon
Ortopedik
Enfimyè Pedyat
Swen pou pye
Sèvis Sosyal
Iltrason/X-Ray/CT/MRI
Iroloji

Èske nou ka ede ak preskripsyon?

Tou depan de bezwen medikal ou, nou ka bay preskripsyon medikaman yo oswa nou travay ak konpayi famasyotik yo pou bay yon rabè oswa bay medikaman yo gratis selon ka ou.